

Pou Piblikasyon Imedya: 02/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON NOUVO PWOGRAM POU ESTIMILE  
INOVASYON NAN ESTOKAJ ENÈJI AK TEKNOLOJI VEYIKIL ELEKTRIK**

***Patenarya Ant Laboratwa Avni Iben Tandon nan New York University la ak Otorite  
Enèji New York la pou Ede Antreprenè Teknoloji yo Jere Pwojè Pilòt nan Eta New  
York***

***Defi Inovasyon Pou Fè Vanse Objektif Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo yo  
Pou Adopsyon Veyikil Elektrik ak Estokaj Enèji pou Konbat Chanjman Klimatik***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse yon patenarya inovatif ant [Laboratwa Avni Iben](#) (Urban Future Lab, UFL) Fakilte Jeni Tandon nan New York University la (NYU) ak [Otorite Enèji New York la](#) (New York Power Authority, NYPA) ki pral rekrite ak sipòte biznis ki fèk lanse yo k ap pouswiv teknoloji veyikil elektrik ak estokaj enèji yo. Patenarya a pral ede vanse Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) Gouvènè Cuomo a, yon ajanda enèji pwòp ak travay ki ap mennen nan nasyon an ki pral agresivman mete Eta New York sou yon wout pou ale nan netralite kabòn sou tout ekonomi an.

"Kòm yon lidè nasyonal nan ekonomi enèji pwòp, Eta New York ap travay pou estimile kwasans ki pral jenere travay ak opòtinite ekonomik, pandan y ap akonpli yon anviwònman ki pi an sante", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo patenarya inovatif sa a pral rekrite ak sipòte yon nouvo vag antreprenè ki gen konesans ak ekspètiz ki nesèsè pou devlope nouvo teknoloji ak sèvis piblik yo epi ede nou bati yon New York pi pwòp, pi ekolojik pou jenerasyon ki gen pou vini yo."

"Investisman nan teknoloji enèji pwòp ap avanse objektif agresif enèji pwòp nou k ap mennen a kwasans ekonomik atravè eta a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi te di.** "Patenarya sa a ant Laboratwa Avni Iben Tandon NYU a ak Otorite Enèji New York la pral bay nouvo opòtinite pou biznis ki fèk lanse yo kolabore sou lide inovatif epi jenere solisyon pou asire kwasans ak efikasite nan endistri a ak sipòte yon anviwònman pi pwòp ak ekolojik pou jenerasyon ki gen pou vini yo."

Pwogram konjwen an, ki rele NYPA [Innovation Challenge](#), pral sipòte pwogram pilòt avanse ki demontre nouvo teknoloji ak modèl biznis nan Eta New York. Pandan rezo elektrik la transfòme inevitableman epi kòmanse travay avèk plis resous enèji distribye (distributed energy resources, DERs) ak solisyon grid edge yo, NYPA pral chèche plis patnè piblik ak prive ki gen ekspètiz nan inovasyon, efikasite enèji ak pwodiksyon enèji pwòp.

Defi a pral ede biznis ki fèk lanse yo aplike avèk siksè pwojè ki benefisye tou de sèvis piblik yo ak kontribiyab nan Eta New York epi mete yo sou yon chemen pou agrandi

biznis ak operasyon yo. Pou kalifye, antreprenè yo dwe adrese bezwen teknoloji ak bisnis yo nan de (2) kategori sa yo:

- Veyikil elektrik ak enfrastrikti ki gen rapò ak yo.
- Dire Long (6+ èdtan) teknoloji estokaj enèji.

Zòn konsantrasyon sa yo pral ede vanse ogmantasyon enèji renouvlab san presedan ki nan Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè a ki gen ladan deplwaye 3,000 megawatt estokaj enèji dis 2030 ak ogmante kantite machin zewo-emisyon gaz yo nan New York a 800,000 dis 2025, ki reprezante prèske yon (1) sou chak dis (10) veyikil sou wout la.

Defi Inovasyon an sipòte inisyativ EVolveNY 250 milyon dola NYPA ki ankouraje adopsyon veyikil elektrik toupatou nan eta a ki gen dè santèn chaj pou enstale sou tout otowout yo ak nan pi gwo vil New York yo pou ede New York atenn objektif li pou redwi emisyon gaz efèdesè pa 40 pousan dis 2030 baze sou nivo 1990 yo. Defi a sipòte tou objektif estokaj enèji 3,000 MW atravè eta a New York la ki ap mennen nan nasyon an dis 2030 ki pral ede bati fondasyon pou sektè enèji pwòp k ap boujonenn an lè li ajoute jiska 30,000 travay nan tout eta a.

Avèk kreyasyon yon estrateji teknoloji inovasyon, pwogram sa a pral ede NYPA idantifye yon ponyen konpayi pwometè ki fèk lanse pou kòmanse epi prepare yo pou travay ak gwo sèvis piblik. Patenarya ant konpayi ki fèk lanse yo ak sèvis piblik yo ka mennen a pwogrè siyifikatif nan fyabilite rezo, estokaj, dirabilite, ak abòdabilite, yo tout benefisye kontribiyab yo, sèvis piblik yo, ak anviwònman an.

Yo pral evalye pwopozisyon yo dapre potansyèl yo pou ekonomize lajan, amelyore sekirite oswa operasyon yo, redwi antretyen, amelyore efikasite oswa ekonomize mendèv oswa tan. Solisyon yo dwe vyab, kapab repwodwi epi kapab komèsyalize.

Konpayi ki fèk lanse yo ki enterese ka enskri [isit la](#) apre 1ye Me pou resevwa apèl pou pwopozisyon. Dat limit la se 15 Jen epi yo pral anonse gayan yo 15 Jiyè.

**Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la te di,** "NYPA fyè dèske li se yon sèvis piblik lavni an, e nou toujou ap chèche aktivman nouvo modèl bisnis ki an akò ak plan estratejik nou an epi ede vanse objektif enèji pwòp Gouvènè yo. Nou kontan patenarya nou avèk Laboratwa Avni Iben an pou ede nou jwenn inovasyon pwochen jenerasyon yo pou rezo, teknoloji EV avanse, epi jwenn nouvo solisyon estokaj enèji ki pral ede nou tire tout avantaj sou nouvo opsyon enèji renouvlab k ap vini sou entènèt".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Alicia Barton, te di,** "Konstwi yon ekosistèm enèji pwòp epi pwospè ki sipòte objektif Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a ki ap mennen nan nasyon an egzije patenarya ak kolaborasyon piblik-prive anbisye. Pwogram eksklisif Laboratwa Avni Iben an ap ede nou trase chimen sou avanse nouvo teknoloji pwòp nan yon to san presedan nan avantaj tout moun New York yo, epi dènye pwojè sa a pral ede redwi emisyon gaz nwizib nan youn nan pi gwo kontribitè gaz efèdesè nou yo - sektè transpò

a".

**Pat Sapinsley, Direktè Administratif Laboratwa Avni Iben an te di,** "Pwogram sa a prezante avantaj enòm pou toude, NYPA ak biznis ki fèk lanse yo tou. Yon fwa biznis ki fèk lanse yo pwouve fyabilite ak benefis òf biznis yo, li kapab kanmen pran plizyè ane pou atire premye kliyan yo epi ranfòse konfyans yo nan endistri an. Pwogram sa a kapab diminye tan pou komèsyalizasyon a echèl la, sa ki ap ede sèvis piblik lan, konpayi ki fenk kòmanse a, ak klima a".

**Kurt H. Becker, Vis Dwayen Rechèch, Inovasyon ak Antreprenarya Tandon te di,** "Defi Inovasyon NYPA a rezon ak ansanm gwoup rechèch k ap ogmante a sou mobilite fiti k ap fè NYU Tandon yon lidè ke yo respekte ak anviwònman difisil transpò New York la yon platfòm tès san parèy. Antreprenè UFL yo ap travay ansanm ak elèv ak pwofesè yo pou fòme transpò pi entelijan ak pi dirab nan lane k ap vini yo".

**Kevin Parker, Prezidan Komite Enèji Sena (Senate Energy Committee) Eta an, te deklare,** "Antanke prezidan komite Sena sou Enèji ak Telekominikasyon, mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li dirije inisyativ sa a pou pouse konpayi ki fèk lanse yo k ap pouswiv solisyon pou machin elektrik ak estokaj enèji yo. Sa ap ede New York diminye anprent kabòn li pi plis, pandan l ap kreye travay epi ede ti biznis yo ak antreprenè pwospere".

**Michael Cusick, Prezidan Enèji Asanble Eta New York la (New York State Assembly Energy) te di,** "Netwaye emisyon gaz efèdesè New York la pral egzije transfòmasyon sektè transpò eta a, yon efò ki pral ogmante yon depandans sou veyikil elektrik yo ak estokaj enèji. Mwen kontan kolaborasyon ki gen ant NYPA ak NYU epi mwen enpasyon pou mwen wè nouvo biznis ak lide grandi apati efò sa yo pou kapab konstwi enèji vèt New York la, enèji ekoloji alavni".

**Richard N. Gottfried, Prezidan Asanble Sante Eta New York (New York State Assembly Health) te di,** "Nan ankouraje devlopman nouvo pwogram ak teknoloji ki itilize enèji pwòp yo, pwogram Defi Inovasyon NYPA a ap fè pwomosyon opòtinite ekonomik, pi bon kalite lè a ak yon anviwònman ki pi an sante pou abitan New York yo".

Laboratwa Avni Iben an loje ACRE ak PowerBridgeNY tou, ki te sipòte pa plis pase 10 milyon dola finansman nan men NYSERDA depi 2010. NYSERDA se esponsò ofisyèl ACRE, premye enkatè teknoloji pwòp Vil New York ki ede konpayi teknoloji pwòp yo, rezo entelijan ak vil dirab ki fenk ap kòmanse yo devlope. PowerBridgeNY se yon sant demonstrasyon fezabilite ke NYSERDA finanse ki komèsyalize teknoloji ki baze sou inivèsite ke chèchè ak antreprenè k ap mennen yo ap devlope pou tounen solisyon teknoloji pwòp ki adaptab. ACRE ak PowerBridgeNY ede konpayi ki nan faz inisyal yo pou yo fè avanse teknoloji inovatif ak modèl biznis ki sipòte ekonomi enèji pwòp New York la ak pou fè pwogrese objektif Gouvènè a pou enèji pwòp ak klima a.

### **Konsènan Otorite Enèji New York la**

Otorite Enèji New York la se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta nan peyi a, y ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite li yo ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 70 pousan nan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik

renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi eta. Li finanse operasyon li yo apati lavant obligasyon ak revni li resevwa an gran pati atravè lavant elektrisite yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon vizite nou [isit la](#) epi swiv nou sou [Twitter](#) @NYPAenergy, [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

### **Konsènan Laboratwa Avni Iben**

Laboratwa Avni Iben an, yon pati nan Fakilte Jeni Tandon NYU a, se sant inovasyon teknoloji pwòp nan New York. UFL ap trase chemen an pou yon mond ki pi dirab pandan y ap konekte moun, kapital ak objektif pou vanse solisyon ki pare pou mache a pou adrese chanjman klimatik. Pwogram UFL yo gen ladan ACRE, yon [pwogram enkibasyon biznis](#) pou predemeraj biznis ki fèk lanse jiska seri A yo, PowerBridgeNY, yon [sant demonstrasyon fezabiliteki](#) ap komèsyalize rechèch nan inivèsite lokal yo, ak Clean Start, yon [diplòm avanse](#) ki soti nan NYU pou moun k ap chèche yon tranzisyon nan sektè teknoloji pwop la. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [sitwèb](#).

### **Konsènan Fakilte Jeni Tandon New York University la**

Fakilte Jeni Tandon New York University la date depi 1854, dat fondatè pou tou de Fakilte Jeni Sivil ak Achitèkti New York University la ak Brooklyn Collegiate and Polytechnic Institute (ke anpil moun konnen sou non Brooklyn Poly). Yon fizyon an Janvyè 2014 te kreye yon lekòl edikasyon ak rechèch nan jeni ak syans aplike konplè, anrasinen nan yon tradisyon envansyon ak antreprenarya epi dedye a avanse teknoloji kòm yon sèvis a sosyete a. Anplis de lokalite prensipal li nan Brooklyn, NYU Tandon kolabore avèk lòt fakilte anndan NYU, youn nan pi gwo inivèsite rechèch prive nan peyi a, e li gen koneksyon pwòch ak pwogram jeni nan NYU Abu Dhabi ak NYU Shanghai. Li opere Laboratwa Ani yo ki konsantre sou biznis ki fèk ap lanse yo nan anba lavil Manhattan ak Brooklyn ak yon pwogram metriz sou entènèt ki ranpòte prim. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [sitwèb](#).

### **Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la**

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Andrew M. Cuomo a, ki se ajanda lidè nan nasyon an k ap pwomouvwa enèji pwòp ak djòb ekolojik, pral pran mezi agresiv pou mete Eta New York sou wout anvè netralite sou plan degajman kabòn onivo tout ekonomi an nèt. Inisyativ sa a pral ofri yon tranzisyon ekitab anvè enèji pwòp, sa k ap estimile kwasans ekonomi ekolojik la, epi, mande pou New York itilize 100 pousan enèji pwòp ak san kabòn apati 2040, ki se youn nan objektif ki pi agresiv nan Etazini. Pilye nouvo manda yo fenk pwopoze la ap yon ogmantasyon konsiderab k ap genyen nan kad inisyativ Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) reyisi New York la, k ap pase a 70 pousan kouran renouvlab apati 2030. Nan kad ogmantasyon enèji renouvlab san presedan sa a, New York te deja envesti 2.9 milya dola nan 46 pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo atravè eta a, pandan li ap ogmante objektif enèji pwòp yo yon fason konsiderab, tankou: kwadruple objektif enèji ewolyèn sou rivaj New York yo pou rive 9,000 megawat apati 2035 ki ap mennen nan nasyon an; double deplwaman enèji solè yo distribiye yo rive 6,000 megawat apati 2025; epi deplwaye 3,000 megawat estokaj enèji apati 2030. Pou sipòte travay anbisyè sa a, NY Green Bank gen entansyon pou yo itilize ekspètiz li pou simonte eka finansyè yo pou ankouraje pi gwo enpak anviwònmanal pou chak dola piblik lè yo kolekte plis pase 1 milya dola nan fon pati tyè yo pou agrandi disponibilite finansman pou klima atravè New York ak rès Amerik Nò a.

## **Refòm Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV)**

Nouvo Akò Ekolojik la ap ajoute sou estrateji Refòm Vizyon Enèji monimantal Gouvènè Andrew M. Cuomo genyen pou mennen nan chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York la. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi pi abòdab pou tout moun New York yo nan favorize envestisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou enèji solè, ewolyèn ak efikaste enèjetik. Deja, REV te atire prèske 1,500 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, abòdabilite enèji ki amelyore pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi favorize plis pase 150,000 pòs travay nan manifakti, enjenyeri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo atravè Eta New York.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Nouvo Akò Ekolojik la ak REV, vizite [rev.ny.gov](https://rev.ny.gov), swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)